# ART-JURNALISTIKA FENOMENI HÁM ONÍŃ BÚGINGI QARAQALPAQ MEDIA MÁKANÍNDAǴÍ ORNÍ

**Tajadinova Guljaxan** – *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD)*
tajadinovaguljahan@gmail.com
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

# ФЕНОМЕН АРТ-ЖУРНАЛИСТИКИ И ЕГО МЕСТО В СОВРЕМЕННОМ КАРАКАЛПАКСКОМ МЕДИАПРОСТРАНСТВЕ

**Таджадинова Гульжахан** – *доктор философии (PhD) по филологическим наукам*
*Нукусский филиал Государственного института искусств и культуры Узбекистана*

# THE PHENOMENON OF ART JOURNALISM AND ITS ROLE IN THE MODERN KARAKALPAK MEDIA SPACE

**Guljahan Tajadinova** – *Doctor of Philosophy (PhD) in Philological Sciences*
*Lecturer at the Nukus Branch of the Uzbekistan State Institute of Arts and Culture*

**Tayanch so‘zlar:** art-jurnalistika, fenomen, qoraqalpoq jurnalistikasi, badiiy publitsistika, Berdaq, Savitskiy muzeyi, hujjatli kino, Orol fojiasi, kadrlar masalasi, media makon.

**Rezyume.** Ushbu maqolada zamonaviy media tizimida art-jurnalistika fenomeni, uning nazariy-estetik asoslari va bugungi qoraqalpoq ommaviy axborot vositalaridagi o‘rni tahlil qilingan. Maqolada qoraqalpoq badiiy publitsistikasining tarixiy ildizlari Berdaq G‘arg‘aboy o‘g‘li ijodi (xususan, «Xaliq ushin» she’ri) misolida ochib berilgan. Shuningdek, I.V. Savitskiy nomidagi davlat san’at muzeyi ko‘rgazmalarini yoritishdagi yuzakilik, «Qoraqalpoqfilm» kinostudiyasining ekologik hujjatli kino yo‘nalishidagi bugungi holati va sohada kadrlar tayyorlash hamda amaliyot tizimidagi mavjud muammolar tanqidiy baholanib, ularni hal etish bo‘yicha ilmiy-amaliy takliflar ilgari surilgan.

**Ключевые слова:** художественная журналистика, феномен, каракалпакская журналистика, художественная публицистика, Бердах, музей Савицкого, документальный фильм, Аральская трагедия, подготовка кадров, медиапространство.

**Резюме.** В данной статье анализируется феномен художественной журналистики в современной медиасистеме, ее теоретико-эстетические основы и роль в современных каракалпакских СМИ. Исторические корни каракалпакской художественной публицистики исследуются через призму наследия Бердаха, в частности рассматривается его стихотворение "Для народа." Кроме того, в статье критически оцениваются поверхностное освещение выставок в Государственном художественном музее имени И.В. Савицкого, текущее состояние создания экологических документальных фильмов на студии "Каракалпакфильм," а также существующие проблемы в подготовке кадров и полевой практике. Наконец, предлагаются научно-практические рекомендации по решению этих системных проблем.

**Key words:** art journalism, phenomenon, Karakalpak journalism, artistic publicism, Berdakh, Savitsky Museum, documentary film, Aral tragedy, personnel training, media space.

**Summary.** This article analyzes the phenomenon of art journalism in the modern media system, its theoretical and aesthetic foundations, and its role in the contemporary Karakalpak mass media. The historical roots of Karakalpak artistic publicism are explored through the lens of Berdakh’s heritage, specifically examining his poem "For the People" (Xalıq ushın). Furthermore, the article critically evaluates the superficiality in covering exhibitions at the I.V. Savitsky State Museum of Arts, the current state of ecological documentary filmmaking at the "Karakalpakfilm" studio, and the existing challenges in personnel training and field practice. Finally, scientific and practical recommendations are proposed to address these systemic issues.

Zamanagóy ǵalaba xabar quralları sistemasında mádeniyat hám kórkem óner dúnyasın keń jámiyechilikke tanıstıratuǵın, talqılaytuǵın hám bahalaytuǵın ayrıqsha baǵdar - art-jurnalistika fenomeni búgingi kúnde hár qashanǵıdan da úlken áhmiyetke iye bolmaqta. Art-jurnalistika tek ǵana mádeniy jańalıqlar toplamı emes, al kórkem óner shıǵarmaları menen tamashagóy arasındaǵı intellektuallıq kópir, jámiyettiń estetikalıq talǵamın tárbiyalawshı hám mádeniy processlerdi bahalawshı quramalı dóretiwshilik jumıs bolıp tabıladı. Biraq, bul tarawdıń búgingi qaraqalpaq jurnalistikasındaǵı ornı hám rawajlanıw basqıshları ózine tán

jetiskenlikler menen birge, jedellik penen sheshiliwi lazım bolǵan bir qatar sistemalı mashqalalardı da júzege shıǵarmaqta.

Qaraqalpaq kórkem jurnalistikası hám jámietlik kritika fenomeniniń tamırların tek ǵana ótken ásir baspasózinde emes, al milliy ádebiyatımızdıń dúrdanalarınan izlew maqsetke muwapıq. Atap aytqanda, ullı oyshılımız Berdaq shayırdıń "Xalıq ushın" ("Dlya naroda") qosıǵı óz dáwiriniń ótkir jámietlik-publicistikalıq baqlawı hám kórkem diagnozı sıpatında kórinedi:

*Jaman adam bilmes gápiniń parqın,*
*Bárqulla jamanlar aǵayin-xalqın,*
*Kóteremen deyip óziniń dańqın,*
*Udayina zıyan eter xalıq ushın.*

*Jaqsı adam sóz mánisin ańlaydı,*
*Jaman adam pasıq sózdi tıńlaydı...*

Art-jurnalistika teoriyası kózqarasınan qaraǵanda, Berdaq bul jerde tek ǵana lirik shayır emes, al jámiyettiń mádeniy hám ruwxıy qatlamların baqlawshı, sóz qádiri hám málimleme jetkeriw juwapkershiligin talqılawshı bas publicist wazıypasın atqarǵan. Shayırdıń "sóz mánisin ańlaw" hám "qurǵaq sózdi aytıp, demeńler "awa" sıyaqlı shaqırıqları búgingi zamanagóy art-jurnalistikanıń baslı ólshemi - júzekilikten qashıw hám tereń tallawǵa umtılıw principi menen tolıq únles bolıp esaplanadı. Qaraqalpaqstan I.V.Savickiy atındaǵı mámleketlik kórkem óner muzeyi sıyaqlı dúnyaǵa belgili "Sahradaǵı Luvr" ǵáziynesine iye bolǵan biytákirar mádeniy mákan. Biraq búgingi qaraqalpaq baspasózi (ol dástúriy "Erkin Qaraqalpaqstan," "Vesti Karakalpakstana" gazetaları bolsın, yamasa jergilikli teleradiokanallar bolsın) usı bay mádeniy turmıstı, muzey kórgizbelerin jeterli hám joqarı dárejede sáwlelendire almay atır.

Tiykarǵı mashqala - ǴXQda tek ǵana qurǵaq faktler, sanlar yamasa bolıp ótken kórgizbeler haqqındaǵı júzeki maǵlıwmatlar menen shekleniw bolıp tabıladı. Kórkem shıǵarmanıń ishki mánisin, xudojniktiń koncepciyasın tamashagóyge ashıp beretuǵın tereń pikirler, professional sholıwlar derlik ushıraspaydı. Bunıń tiykarǵı sebebi - kórkem ónertanıw hám jurnalistika sırların birdey tereń ózlestirgen professional qánigelerdiń jetispewshiligi bolıp esaplanadı. Zamanagóy sanlı platformalar, sociallıq tarmaqlardaǵı bloglar bar bolsa da, olardaǵı kontent te oǵada sayız hám tereń kórkem tallawdan jıraq.

Art-jurnalistikanıń eń tásirsheń tarmaqlarınan biri - bul hújjetli kino kórkem óneri hám onıń media mákanındaǵı analizi bolıp esaplanadı. Qaraqalpaqstan ushın Aral apatshılıǵı, ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw turmıslıq másele bolıp esaplanadı. Itibarlısı, « 2000-2015-jıllar aralıǵında "Qaraqalpaqfilm" kinostudiyası tárepinen súwretke alınǵan "Kakim bil Aral," "Qudıq," "Pidayılar" sıyaqlı hújjetli filmler óziniń joqarı kórsetkishi, kórkem-publicistikalıq tásir kúshi menen ajıralıp turatuǵın edi» [1].

Biraq, sońǵı jılları bunday áhmiyetli temadaǵı hújjetli filmler jaratıw kórsetkishi sezilerli dárejede azayıp ketti. Búgingi dáwir talabı bolsa basqasha. Búgin global klimat ózgeriwi sharayatında suwdı únemlep paydalanıw, Aralboyı tábiyatın saqlaw, jas áwlad qálbinde ana tábiyatqa mehir hám juwapkershilik sezimin oyatıwǵa qaratılǵan, anıq faktlerge súengen jańa áwlad hújjetli filmlerin jaratıw zárúrligi bar. Art-jurnalistika mine usınday joybarlardı qollap-quwatlawı hám jámiyettiń dıqqat orayına alıp shıǵıwı shárt. «Búgingi sanlı mákanda kino kórkem óneri hám onıń art-jurnalistika prizması arqalı tallanıwı zamanagóy medianıń rawajlanıw faktorlarınan biri bolıp esaplanadı» [2].

Art-jurnalistika tarawındaǵı mashqalalardıń túp dáregi kadrlar tayarlaw sistemasına barıp taqaladı. Qaraqalpaqstanda bul qánigelik boyınsha sistemalı bilimlendiriw jaqın-jaqınǵa shekem joq edi. Tek sońǵı eki jıldan berli bul baǵdarda jaslar bilim ala basladı.

Tábiyiy, jańa sistemada úlken kemshilikler kózge taslanbaqta. Eń úlken kemshilik - ámeliyattıń jetispewshiligi bolıp tabıladı. Studentlerdiń ámeliy kónlikpe payda etiwi ushın maydan tar. Derlik barlıq dóretiwshi jaslar tek ǵana bir taraw basılımı esaplanǵan "Mádeniyat" gazetasınıń redakciyasına barıw menen sheklenbekte. Art-jurnalist tek ǵana taraw basılımda emes, «Erkin Qaraqalpaqstan», «Qaraqalpaqstan jasları», «Jetkinshek» gazetaları, «Ámiwdárya» jurnalı, al televidenie, radio, sanlı media, muzey hám teatr ortalıqları ishinde janlı ámeliyat ótiwi zárúr.

Juwmaq ornında aytıw múmkin be, Berdaq shayır árman etken "sóz mánisin ańlaytuǵın" jámiyetti qáliplestiriwde art-jurnalistikanıń ornı sheksiz. Qaraqalpaq art-jurnalistikasın sapa jaǵınan jańa basqıshqa kóteriw ushın tómendegi qádemlerdi taslaw kerek:

Integraciyalasqan tálim: Kórkem óner hám mádeniyat institutı studentleri ushın tek ǵana jurnalistika emes, al súwretlew kórkem óneri, Qaraqalpaq teatrı hám kinosı tariyxı pánlerin tereńlestirilgen halda oqıtıw, tarawlıq qánigelesiwdi kúsheytiw.

Ámeliyat geografiyasın keńeytiw: Jas kadrlardıń ámeliyatın tek ǵana "Mádeniyat" gazetası menen sheklenbesten, Savickiy muzeyi, mámleketlik teatrlar hám "Qaraqalpaqfilm" studiyası, «Erkin Qaraqalpaqstan»,

«Qaraqalpaqstan jasları», «Jetkinshek» gazetaları, «Ámiwdárya» jurnalı redakciyalarında ameliyat shólkemlestiriw.

Búgingi kúnde qaraqalpaq art-jurnalistikası dástúriy baspa basılımlardan sanlı platformalarǵa (Telegram, YouTube, mádeniy bloglar) ótiw.

Ekologiyalıq-kórkem buyırtpalar: "Qaraqalpaqfilm" studiyası tárepinen suwdı únemlew hám ekologiyalıq mádeniyattı qáliplestiriwge baylanıslı hújjetli filmler jaratıw, mámleketlik grantlardı tiklew hám art-jurnalistler tárepinen olardı keńnen úgit-násiyatlawdı jolǵa qoyıw.

Art-jurnalistika tek ǵana kásip emes, al millet ruwxıylıǵın saqlawshı hám bayıtıwshı strategiyalıq taraw bolıp esaplanadı. Onıń rawajlanıwı qaraqalpaq mádeniyatınıń dúnya kólemindegi keleshegin belgilep beredi.

## Ádebiyatlar

1. **Бердақ.** Таңламалы шығармалары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2018. – 232 б.
2. **Мамбетов К.** Қарақалпақ әдебияты тарийхы (әййемги дәўирлерден XIX әсирдиң ақырына шекем). – Нөкис: «Билим», 1993. – 296 б.
3. **Худойқулов М.** Бадиий журналистика: Тарих, назария ва амалиёт. – Тошкент: «Университет», 2019. – 184 б.
4. **Тажадинова Г. Н.** Публицистика документальных фильмов на экологическую тему (на примере произведений "Каракалпакфильма" об Аральском море) // Гражданское общество. – 2023. – № 20 (1). – С. 68–71.
5. **Тажадинова Г. Н.** Экологическая тема в документальном кино Каракалпакии // Научный журнал. – 2022. – № 3 (68). – С. 145–147.
6. **Tajadinova G. N.** Kino kórkem óneriniń zamanagóy mediadaǵı ornı // Art and Culture Bulletin. – 2025. – № 4. – B. 116–118.